

**Prezidan Dieter F. Uchtdorf**

Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan



# Ateri Ansekirite nan Toubiyon

**S**a pa gen twò lontan madanm mwen, Harriet, an-sanm ak mwen te nan yon ayewopò ap gade avyon manyifik ateri. Se te yon jou ki te gen anpil van, epi gwo kout van fewòs te bat sou avyon ki tap pwoche a, sa ki te lakoz yo chak te fè eka ak sekwe pandan yo, t ap apwoche a.

Pandan nou t ap osève lit sa a ant lanati ak machin nan, lespri m te retounen sou pwòp antrènman vòl pa mwen ak prensip mwen te aprann ladan yo—ke m te anseye lòt pilòt nan fòmasyon apresya.

M te toujou konn di yo: “Pa goumen avèk kontwòl yo nan toubiyon an.” “Rete kalm; pa reyaji twòp. Kenbe zye ou fikse sou liy nan mitan pis aterisaj la. Si ou devye de chemen ou te vle a, fè koreksyon ki rapid men ki mezire. Fè potansyèl avyon ou lan konfyans. Woule avèk toubiyon an.”

Pilòt ki gen eksperyans konprann ke yo pa ka toujou kontwole bagay ki ap pase bò kote yo. Yo pa kapab annik etenn toubiyon an. Yo pa kapab annik fè lapli oubyen nèt la disparèt. Yo pa kapab fè van an sispann soufle oyben chanje direksyon li.

Men yo konprann tou ke se yon erè pou yo pè toubiyon oswa gwo van yo—espesyalman kite yo paralize yo. Fason pou ateri ansekirite lè kondisyon yo pa twò ideyal se rete sou bon chemen an epi glise osi pafètman sa posib.

Pandan m t ap gade on avyon apre lòt ki t ap fè dènye apwòch yo epi raple m prensip mwen te aprann nan ane m te yon pilòt yo, mwen te mande tèt mwen si pa t gen

yon leson nan sa pou lavi chak jou nou.

Nou paka toujou kontwole tanpèt lavi a mete sou chemen nou yo. Pafwa bagay yo jis pa pase jan nou ta vle a. Nou kapab santi nou souke e nou kraze anba toubiyon desepsyon, dout, laperèz, tristès, oubyen strès.

Nan moman sa yo, li fasil pou nou rete chita sou tout sa ki pap mache yo epi fè pwoblèm nou yo vin sant panse nou. Tantasyon an se fokis sou eprèv n ap travèse yo olye ke nou fokis sou Sovè a ak temwanyaj nou sou laverite a.

Men sa a se pa pi bon fason pou nou navige atravè pwoblèm nou nan lavi a.

Menm jan yon pilòt ki gen eksperyans kenbe fokis li non pa sou tanpèt la men sou sant pis aterisaj la avèk pwèn aterisaj korèk la, nou menm tou nou dwe kenbe fokis nou sou sant lafwa nou—Sovè nou an, levanjil Li a, ak plan Papa nou Ki nan Syèl La—ak sou objektif final nou—ki se retounen ansekirite nan destinasyon selès nou an. Nou ta dwe fè Bondye konfyans epi fè rete sou chemen disip la santral efò nou. Nou dwe kenbe zye nou, kè nou, ak lespri nou fokis sou viv nan fason nou konnen nou dwe viv.

Montre lafwa nou ak konfyans nou nan Papa Nou Ki Nan Syèl la nan respektè kòmandman L yo avèk jwa ap pote kontantman ak laglwa pou nou. Epi si nou rete sou chemen an, nou ap travèse nenpòt toubiyon—kèlkeswa jan li parèt fò—pou nou ka retounen nan fwaye selès nou an ansekirite.

Keseswa syèl bò kote nou an klè oubyen plen nyaj menasan, antanke disip Jezikri, nou dwe chèche wayòm Bondye a ak lajisits Li anpremye, konesan ke si nou fè sa, tout lòt bagay nou bezwen yo n ap vin finalman jwenn yo gade Matye 6:33

Ala yon leson lavi enpòtan!

Plis nou obsede pa pwoblèm nou yo, lit nou yo, dout nou yo, ak laperèz nou yo, se plis bagay yo kapab vin difisil. Men plis nou konsantre sou destinasyon selès final nou an ak sou lajwa ki genyen nan suiv chemen disip la—pou nou renmen Bondye, sèvi pwochen nou—se plis n ap kapab rive travèse moman twoub ak toubiyon yo avèk siksè.

Chè zanmi m yo, kèlkeswa jan van egzistans mòtèl nou yo ta soufle fò bò kote nou, levanjil Jezikri a ap toujou ofri nou pi bon chemen pou nou ateri an sekirite nan wayòm Papa nou Ki nan syèl la.

---

## ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Prezidan Uchtdorf konseye nou pou nou “fè Bondye konfyans epi konsantre efò nou sou rete sou chemen disip la.” Panse pou w mande moun w ap ansenye yo kijan yo te arive rete fokis “sou destinasyon selès final nou ak sou lajwa ki genyen nan suiv chemen disip la” nan moman yo t ap travèse eprè. Ou gen dwa envite yo pou yo reflechi sou fason yo kapab fokis sou temwanyaj yo sou Kris la nan moman difisil yo epi pou nan lapriyè yo deside kijan pou aplike youn oubyen plis nan ide sa yo nan lavi yo.

## JÈN YO

### Yon Fondasyon pou Temwanyaj Mwen

Jennifer Weaver

**L**è m te gen 16 an, yon zanmi te vin lakay nou avèk misyonè yo. Nan lespas yon mwa apre premye diskisyon an, m te jwenn repons pou tout kesyon m yo avèk klate. Mwen te santi Sentepri a temwanye de verite mesaj osijè Retablisman yo. Se te tankou yon bagay m pa t janm konn santi anvan, epi m te konnen tout sete laverite.

Men, mwen te sibi plis rejè ak opozisyon pase tout tan anvan sa. Mwen te santi'm pou kont mwen, fatigue, plen konfizyon. Si m t ap fè bon bagay la, poukisa m t ap rankontre tout advèsite sa yo? Mwen pa't kakonprann kòman eprè mwen yo se te pou byen m. Misyonè yo te ansenye m pou m jene epi priye, menm nan mitan yon jou lekòl. Lè bagay yo te vin ensipòtab m te konn devèse kè m epi imedyatman santi rekonfò Lespri a.

Semèn batèm mwen an te plen eprè. Patwon m te menase pou li revoke m si m pa rate batèm mwen pou m te ka vin travay pou yon lòt moun, mwen te fini pa ateri lopital avèk pyè nan ren, epi paran m te mande m pou m kite kay la. Avèk tout bagay sa yo m pa t ka kontwole yo, sèl sa m te ka fè se tounen vè Senyè a.

Chak eprè sa yo te vin pou byen m. Yo te ede m aprann doktrin levanjil yo, ki te ban m yon fondasyon pou temwanyaj mwen.

*Otè a ap viv Idawo, nan Etazini.*



Lafwa, Fanmi, Sekou

# Maryaj se yon bagay Bondye òdone

*Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konnen kisa pou w pataje. Kijan konprann 'Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan' ka ogmante lafiwa nou nan Bondye e beni moun n ap veye sou yo atravè vizit nan fwayer yo? Pou plis enfòmasyon, ale nan [reliefsociety.lds.org](http://reliefsociety.lds.org).*

**P**wofèt, apot, ak dirijan yo kontinye “pwoklame solanèlman ke maryaj ant yon gason ak yon fi se bagay Bondye òdone epi fanmi se pwen santral nan plan Kreyatè a.”<sup>1</sup>

Èldè D. Todd Christofferson nan Kolèj Douz Apot yo te di: “Yon fanmi ki bati sou maryaj ant yon gason ak yon fi bay pi bon ankadreman pou plan Bondye a reyisi. . . .

“ . . . Ni nou menm, ni okenn lòt moun mòtèl pa ka chanje lòd diven maryaj la.”<sup>2</sup>

Bonnie L. Oscarson, Prezidan Jeneral Jènfi yo, te di: “Kèlkeswa sikonstans marital yo oubyen kantite timoun yo genyen, tout moun kapab defann plan Senyè a ki dekri nan pwoklamasyon sou fanmi an. Si sa se plan Senyè a l ye, li ta dwe plan pa nou tou!”<sup>3</sup>

Èldè Christofferson te kontinye: “Gen nan nou ki pa gen benediksyon pou nou marye pou rezon ki enkli mank posiblite ki akseptab, yon atirans pou moun menm sèks avèk nou, pou andikap fizik oswa mantal, ou senpleman akòz nou

pè echèk. . . . Oubyen petèt ou te marye, men maryaj sa a fini. . . . Gen nan nou ki marye men ki pa ka fè pitit. . . .

“Malgre sa, . . . nou tout ka kontribye nan dewoulman plan diven an nan chak jenerasyon.”<sup>4</sup>

## **Ekriti adisyonèl**

Jenèz 2:18-24 1 Korentyen 11:11  
Doktrin ak Alyans 49:15-17

## **Istwa Vivan**

Frè Larry M. Gibson, ansyen premye konseye nan prezidans jeneral Jènan yo, te sonje lè Shirley, ki se madanm li kounyea, te di:

“Mwen renmen ou paske mwen konnen ou renmen Senyè a plis pase ou renmen mwen.’ . . .

Repons sa a te touche kè“m. . . . “ . . . [Epi] mwen te vle li toujou santi ke mwen renmen Senyè a plis pase tout lòt bagay.”<sup>5</sup>

Èldè David A. Bednar nan Kolèj Douz Apot yo te ansyen: “Senyè a, Jezikri, se pwen santral nan relasyon yon maryaj alyans. . . . [Imajine

ke] Sovè a pozisyon nan tèt yon triyang, avèk yon fi nan baz youn nan kwen yo epi yon gason nan baz lòt kwen an. Kounye a reflechi sou sa k rive nan relasyon ant gason ak fi a si yo endividyèlman e konstaman “vin jwenn Kris” la epi yo efòse yo pou pèfeksyon nan Li’ Mowoni 10:32 Gras ak Redanmte a epi atravè Li, gason an ak fi a kapab vin pi pwòch ansanm.”<sup>6</sup>

## **NÒT**

1. Fanmi an Yon Pwoklamasyon pou Mond lan, “*Lyawona*, -Nov. 2010, 129.
2. D. Todd Christofferson, “Poukisa Maryaj, Poukisa Fanmi,” *Liawona*, Me 2015, 52.
3. Bonnie L. Oscarson, “Defansè Pwoklamasyon Fanmi an *Lyawona* Me 2015, 15.
4. D. Todd Christofferson, “Poukisa Maryaj, Poukisa Fanmi,” 52.
5. Larry M. Gibson, “Akonpli Destine Etènèl Nou,” *Lyawona* Fev. 2015, 21-22.
6. David A. Bednar, “Maryaj Esansyèl pou Plan Etènèl Li a,” *Lyawona*, Jen 2006, 54.

## **Panse sou sa**

Kijan m ka efòse m endividyèlman ak konsistans pou m “vin jwenn Jezikri”?